

Sèvis Jezwit pou Refijye na Amerik Latin ak Karayib la –SRJ LAC se yon sèvis (Ministè) Konpayi Jezi ki asosye ak Preferans Apostolik Inivèsèl (PAU/PAI) ki gen priyorite Konferans Pwovens Jezwit Amerik Latin ak Karayib la (CPAL). Misyon li asosye ak JRS Global ansanm ak Biwo Entènasyonal ki nan vil Wòm.

Nou reve yon Amerik Latin ak yon Karayib kote fwontyè yo tounen pon rankont ak opòtinite pou tout moun. Nou pral travay pou yon rejyon akeyan e rekonsilye, kote tout refijye, migran ak tout moun yo fòse kite lakay yo, apati kapasite ajans yo, trete yo san patipri epi viv ak diyite.




Akonpanye, sèvi ak defann refijye (refijye defakto), imigran ak depasman fòse nan Lamerik Latin ak Karayib la, espesyalman nan zòn fwontyè yo, tankou nan komin orijin yo, transpò piblik ak resepsyon, nan yon orizon pwoteksyon konplè ak rekonsilyasyon, pou yo ka jwi tout dwa yo, entegre, patisipe epi viv ak dinyite.

- Espwa
- kouraj ak entelijans
- Lafwa ak konfyans
- Jistis global, jistis sosyal ak anviwònman epi pèsèverans pou moun jwenn jistis
- Rekonesans
- Solidarite
- Jenerozite (Moun ki renmen ede)
- Kapasite pou w sipòte
- Kapasite pou kreye
- Swen ak pwoteksyon lavi



**Plan Stratejik**  
pou aksyon an kolaborasyon rejyonal  
2023 - 2027

**NOU PROTEJE MOUN**  
NOU KILTIVE LESPWA

PRIYORITE KONTEKS YO	CHANJMAN YO	AKSYON SOULAJMAN (OBJEKTIF CHANJMAN)	ESTRATEJI
<p><b>1. Frajilite ak kapasite ajans moun yo</b></p> 	<p>Refijye, imigran ak moun yo fòse kite lakay yo oubyen sa yo ki nan sityasyon frajil pou yo tounen sa nou site la yo, jwenn yon tretman ki gen vale, pwoteksyon ak enfòmasyon nan zòn kote yo soti, pasaj ak resepsyon, pou yo rive devlope kapasite pou yo rekonfigire projè vi yo epi entegre yo nòmalman</p>	<p><b>PWOSESIS: PWOTEKSYON AK SANTE MANTAL</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>◆ Ankouraje yon mekanis kowòdone pou yon repons konplè pou pwoteksyon</li> <li>◆ Ranfòse kapasite pou bay bon jan kalite sèvis nan pwomosyon byennèt sikososyal ak sante mantal</li> </ul> <p><b>PWOSESIS EDIKASYON</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>◆ Fè pwomosyon kondisyon pou moun jwenn aksè, rete epi konplete pwosesis edikasyon yo</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>◆ Wout kowòdone a travè dives fwontyè kote ki gen siveyans ak repons pou ede moun</li> <li>◆ Estrateji asistans legal epi pwoteksyon espesyalize</li> <li>◆ Pwogram pou swen psikoloji, sosyal ak sante mantal moun yo akonpanye yo</li> <li>◆ Jesyon bòn pratik ak konesans</li> <li>◆ Anviwònman travay ak aprantisaj nan tèt ansanm ki met aksan sou sante mantal ak swen psikoloji e sosyal</li> <li>◆ Kominote edikatif yo sekirize, proteje pou evite ka vyolans</li> <li>◆ Espas fòmasyon fòmèl ak enfòmèl pou travay yo ak mwayen lavi a.</li> <li>◆ Trava an rezo avèk zèv Konpayi Jezi an pou fè pwomosyon Dwa Inivèsèl Edikasyon de Kalite (DUEC an espanyòl)</li> </ul>
<p><b>2. Egoyis, diskriminasyon, akèy ak rekonsilyasyon</b></p> 	<p>(Re)etabli relasyon ki jis pou rekonsilyasyon: Refijye, imigran ak moun ki deplase yo avèk fòs, ansanm ak kominote kote yo soti yo, transpò piblik ak resepsyon yo gen eksperyans enpòtan nan Ospitalite ak relasyon jis nan pwosesis viv ansanm, viv ansanm ak kominyon pou rekonsilyasyon</p>	<p><b>PWOSESIS REKONSILYASYON</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>◆ Rekonsilyasyon kòm "fason nou nan pwosede"</li> <li>◆ Ankouraje projè espesifik sou rekonsilyasyon kote nou met aksan sou tèritwa ak sa ki gen pou wè ak relasyon plizyè kilti</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>◆ Ankadremman ak prensip rejyonal nan rekonsilyasyon yo</li> <li>◆ Plizyè kominote swen ak aprantisaj ki fè disènman rekonsilyasyon ak akèy nan kominote a</li> <li>◆ Dyalòg sou relasyon rekonsilyasyon ansanm ak pwoteksyon total</li> <li>◆ Inisyativ kominote ak pwosesis lokal ki entegre divèsite kiltirèl, plizyè kilti ak relasyon nan mitan plizyè kilti</li> <li>◆ Pwosesis rekonsilyasyon a pati devlopman ak fason nou itilize nouvel metodoloji yo</li> <li>◆ Sistematizasyon eksperyans, aktivite, zouti epi tou richès rekonsilyasyon</li> </ul>
<p><b>3. Sekirite, politik regresif ak kolaborasyon an rezo</b></p> 	<p>Sistèm Gouvènans pou migrasyon nan nivo rejyonal favorize entegrasyon ak pwoteksyon ki baze sou respè dwa tout moun kèlkeswa sityasyon migran yo. Nan anviwònman sa a, mouvman sosyal ak òganizasyonèl refijye, imigran ak moun ki deplase yo ranfòse lè yo patisipe ak pwòp vwa yo nan diferan aspè dyalòg ak pran desizyon sou dwa yo</p>	<p><b>PWOSESIS ENFLIYANS AK KOMINIKASYON</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>◆ Fè pwomosyon pratik ki oryante nan pwoteksyon entegral, entegrasyon ak respè dwa tout moun ki se refijye, imigran ak sa yo yo fòse deplase, devan tout peyi ak opinyon piblik</li> <li>◆ Devlope yon estrateji kominikasyon rejyonla ki ofri enfòmasyon enpòtan ak imigran yo sou prevansyon ak pwoteksyon nan pwosesis mirgrasyon epi sansibilize moun ki responsab kesyon sa yo</li> <li>◆ Fè sansibilizasyon sou defans ak dwa imigran ak refijye yo ak pwòp vwa yo</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>◆ Envestigasyon ak analiz reyalyte rejyonal yo, kote moun yo ak pwoteksyon entegral yo se sant lan</li> <li>◆ Pran pozisyon nan enfòmasyon sou vid pwoteksyon, risk, frajilite, opòtinite ak mekanis entegrasyon</li> <li>◆ Patisipasyon estratejik nan espas ki gen enpak nan nivo rejyonal ak entènasyonal</li> <li>◆ Estrateji rejyonal kominikasyon ki ka gen enpak e sipote pwosesis akonpanyeman ak ranfòsman</li> <li>◆ Bay imigran yo enfòmasyon sou bagay yo kapab evite e pwoteje zòn kote yo soti, pakou ak kote yo rive a</li> <li>◆ Sansibilize opinyon piblik, kominote ak peyi enpòtan kap akeyi yo, entegre yo pou yo viv ansanm</li> <li>◆ Favorize angajman ak patisipasyon moun yo nan pwosesis ak espas enpak yo reyalyte yo</li> <li>◆ Akonpanye yo pou yo ka estriktire e konsolide diferan fòm òganizasyon ansanm ak gouvènman ki ka fonsyone pou kont yo</li> <li>◆ Akonpanyeman tout òganizasyon yo nan pwosesis enpak yo genyen sou moun, jesyon yo ak kanpay pou moun konnen yo</li> </ul>
	<p>JRS nan Amerik Latin ak Karayib la te etabli tèt li kòm yon gwoup travay kap kolabore, ak kalite siperyè nan operasyon ansanm ak jesyon enstitisyonèl swen pou moun, sa vle di ofri yon repons ki gen gwo enpak ladan tankou sa ki gen pou wè ak fanm/gason, ak anviwònman an, anplis ak bezwen epi defi reyalyte refijye yo, imigran yo ak moun yo fòse deplase nan rejyon yo</p>	<p><b>PWOSESIS JESYON NAN KOLABORASYON</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>◆ Ranfòse modèl travay an gwoup, kolaborasyon ak jesyon ansanm, ki ranfòse operasyon JRS nan rejyon an, nan tout nivo, tout òganizasyon ak asosye yo</li> </ul> <p><b>PWOSESIS SWEN AK DEVLOPMAN</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>◆ Fè pwomosyon idantite, devlopman, swen ak aprantisaj san kanpe, òganizasyon tankou JRS ak LAC nan rejyon an</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>◆ Modèl jesyon ak kolaborasyon enstitisyon ki pèmèt konesans ak aprantisaj san kanpe</li> <li>◆ Estrateji pou amelyore, san kanpe, operasyon Sèvis Jezwit pou Refijye (JRS) nan rejyon ki asire entegrasyon fòm ak kalite entènasyonal</li> <li>◆ Travay ansanm ak rezo Konpayi Jezi ak RJM, sosyete sivil la, Legliz la ak tout Òganizasyon entènasyonal, san bliye ajans Nasyonzi yo (ONU)</li> <li>◆ Pwogram akonpanyeman nan sa ki gen pou wè ak idantite, atravè misyon, teknik, estrajik ak bagay Pratik</li> <li>◆ Program ki gen pou wè ak swen, devlopman kapasite moun yo, pandan yap fè pwomosyon pou pou kapasite sa yo nan zòn kote yap travay san yo pa diskriminen yo epi respèkte diferans yo.</li> <li>◆ Aksyon ak konpòtman enstitisyon ki gen oryantasyon pou diminye tras ekolojik nou yo epi kontibye nan pran swen kay tout kreyen vivan ki se planèt tè a</li> </ul>